Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛАЛЪИ ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 24-25 (9844-9845) | 14 апрель | Рузман | 2017 сон

Пачалихъияб Думаялъул депутатасулгун дандчIвай

Дагьал церегIан къоязда Болъихъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев ва Пачалихъияб Думаялъул депутат, эркенаб гугариялъул рахъалъ лъабцIул Олимпиадаялъул чемпион Бувайсар Сайтиев дандчIвана «Президентские состязания» къецазда бергьенлъи босарал нилъер районалъул спортсменалгун.

Бувайсар Сайтиевасул хIаракаталдалъун гьеб дандчIвай гIуцIана МахIачхъала шагьаралда «Единая Россия» партиялъул штабалда.

- Ракьцояз босараб щибаб бергьенлъи нижее букIуна кIудияб рохеллъун ва чIухIилъун,-илан байбихьана жиндирго кIалъай районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас. - Гьадинал бергьенлъаби ккола гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Гьелдалъун нилъеда бичIчIуна нилъеца гьабулеб хIалтIиги лъималазе гьабулеб квербакъиги гIададисеб гьечIеблъи.

Лъималазулгун гьабураб гарачIвариялдаса хадуб Бувайсар Сайтиевас лъикIаб къимат кьуна гьезул лъаялъеги.

- Спорталъул законаздаго цадахъ нужеца цIунизе ккола Къуръаналъ бихьизабураб гIорхъиги. ЦIунизе ккола ритIухълъи къецазулъги гIумрудулъги,- ян абуна депутатас.

Кирехун нуж кканиги, кидаго кIочон тоге нужеда гIагараб Дагъистаналъул гьайбатал гIадатал, бечедаб культура, цIуне даимго чIахIиязул адаб, гьабе гIисиназул тIалабилан насихIатги гьабун, дунялалдаго машгьурав гугарухъанас лъималазе сайгъат гьабуна спортивияб ретIел.

Районалъул бетIерас Бувайсар Сайтиевасе сайгъат гьабуна гIандадерил буртина ва балъхъадерил устарзабаз гьабураб хъурайсин тIагъур.

Танка Ибрагьимов - нилъер районалда

6 апрелалъ нилъер районалде хъулухъалъулаб сапаралъ вачIун вукIана сахлъи цIуниялъул рахъалъ министр Танка Ибрагьимов. Министргун цадахъ рачIун рукIана Н. А. Лопаткинил цIаралда бугеб Москваялъул урологиялъул институталъул ва интервенционнияб радиологиялъул «НМИРЦ» филиалалъул директор Олег Аполихин, «НМИРЦ» филиалалъул регионалияб урологиялъул отделалъул начальник Игорь Шадеркин, цогояб госзаказчик-застройщикалъул дирекциялъул нухмалъулев МухIамадгъази МухIидинов.

ТIоцебесеб иргаялда тIаде рачIарал гьалбадерица, районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевгун ва ЦРБялъул бетIерав тохтур МухIамадкамил Шагьрудиновгун цадахъ халшал гьабуна райбольницаялда унел ремонталъулал хIалтIабазул. Хадур гьел щвана больницаялъул отделениязде, хал гьабуна больницаялъул хIалтIухъабазул ва унтаразул.

Гьелдаса хадуб райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана тIаде рачIарал гьалбалги ЦРБялъул хIалтIухъабиги гIахьаллъараб совещание. Гьеб рагьана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас.

Гьеб тадбиралъул хIакъалъулъ гIатIидаб материал нижеца кьезе буго хадусеб номералда.

РЕГИСТРАЦИЯ НА ПОРТАЛЕ ГОСУДАРСТВЕННЫХ УСЛУГ GOSUSLUGI.RU И ЧТО ОНА ДАЕТ!



Регистрация на портале госуслуг дает возможность гражданину РФ получить всю необходимую информацию и весь спектр государственных и муниципальных услуг в электронном виде. Для оформления данной услуги необходимо предоставить лишь паспорт гражданина РФ. Обращайтесь в филиал МФЦ «Мои Документы» по Ботлихскому району с. Ботлих, находящийся на против районной Администрации. Наши операторы с радостью вам помогут. Мы работаем для вас!

Более подробную информацию по услугам можно получить по следующему номеру Call – центр:8(938)7778290

УРОЛОГИЯБ ЦЕНТРГИ, МФЦЯЛДА ЛИЧНЫЙ КАБИНЕТГИ, КИНАЗЕГО ХИРИЯБ АВАР МАЦIГИ

Райадминистрациялъул актовияб залалда тIобитIана итникъоялъулаб иргадулаб данделъи.

Гьеб бачана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас.

Байбихьуда МухIамад Малачевичас бицана нилъер районалде ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министрас гьабураб сапаралдаса хадуб районалъул медицинаялда ккезе бегьулел лъикIал хиса-басиязул.

- Райбольницаялда букIине буго саламатаб конференцзал, - илан абуна районалъул нухмалъулес.- Бищунго нилъ рохизе ккараб жо - районазда гьоркьосеб Урологияб Центр Болъихъ рагьизе хIукуматалъул бугеб пикру . Гьеб рагьун хадуб нилъер районалъул ва гьединго мадугьалихъ ругел районазул гIадамазул рес букIине буго гIемерал харжалги, заманги, нервабиги хвезарун МахIачхъалаялде хьвадичIого, гьанибго жидерго сахлъиялъул хал- шал гьабизе ва гьеб щула гьабизе.

Хадуб М. ПатхIулаевас гьитIинабго бадибчIвай гьабуна райбольницаялъул ва ГIанди участкаялъулаб больницаялъул нухмалъулезе министрасулгун букIараб дандчIваялда кинабго лъикI бугилан ва щибго ками гьечIилан абиялъухъ.

-Дунги БагIараб Майданалдаса вачIарав чи гурелъул, дида кутакалда лъикI лъала районалъул медучреждениязда бугеб хIакъикъияб ахIвал-хIал, гIолел-гIоларел рахъал. Дихъеги хьвадула гIадамал жидерго гIузраби рицун,- илан абуна гьес. - Министрасда дица цо, нужеца тIубанго батIияб жо аби, гьай-гьай, рекъонги берцинги букIинчIо.

Хасго гIандадерил участкаялъулаб больницаялъул бетIерав тохтурасул кIалъаялъ гIажаиблъизавуна дун. Кинабго бугила, щибго камураб жо гьечIилан вахъунев вуго министрасда цеве, жинца Рейхстаг босарав гIадин. Щибниги гьечIо. Сахав гIолохъанчи тIамизе ккела лъовеги больницаялъе нухмалъи гьабизе.

-Нуж щай ва сундаса гьеб хIалалда хIинкъулел? Нуж хIинкъизе ккола гIицIго унтараздаса,- йилан абуна ахиралда районалъул бетIерас медиказда.

Хадув МухIамад Малачевич росдал магIишаталъул суалазде ваккана.

Гьес росдал магIишаталъул жаваб кьолев жиндирго заместитель ЖабрагIил Завурбеговасда ва росдал магIишаталъул управлениялъул начальник Абакар Альбеговасда лъазабуна 20 апрелалде щвезегIан хурухъабазул форум тIобитIиялъе тадбирал гьаризе кколилан. Альбеговас баян кьуна форум тIобитIиялъе тIолабго хIадурлъи бугилан.

Доба гIанкI, гьаниб цер бугилан гIаммал рагIабаз цIураб гуреб, хIакъикъияб ахIвалхIал рехсараб ва цере чIарал масъалабигун захIмалъаби чIванкъотIун загьир гьабураб букIине ккола докладгийилан абуна М.ПатхIулаевас.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав МФЦялъул нухмалъулев Камил ХIажиевас бицана жидерго идараялъ районалъул гIадамазе батIи-батIиял хъулухъал гьаризе ругел ресазул, амма гьелдаса гIадамаз букIине кколедухъ пайда босулеб гьечIолъиялъул.

- Жакъа щивав чиясул рес буго, рокъоса къватIивго вахъинчIого, бокьараб идараялда бараб суал нижер Централдаса тIубазабизе,- ян абуна К.ХIажиевас.- Чиясда кIудияб къварилъи-захIмалъи бихьулеб, гьесул заман чIвалеб яги гIарцулал сурсатал холеб жо – гуро гьеб. ГIицIго рагьизе ккола интернеталда жиндирго Личный (хасаб) кабинет. ГIемераздалъалеб гьечIо гьелъул бугеб квегIенлъи, бигьалъи, гьединлъидал хъвай-хъвагIайги гьабулеб гьечIо. Нижее бокьун буго учреждениязде, организациязде, школазде, росабалъе нижерго хIалтIухъабиги ритIун, гьеб кIвар бугеб, гIадамазе кутакалда пайдаяб иш роцIцIинабизе, тIадегIанаб даражаялда гIуцIизе.

Гьелъие нижееги къваригIунаро цо хасал шартIал жал - интернет бугеб гьитIинабго рукъги цадахъ паспортгун I4 сонидаса тIаде гIумру бугев чиги. Копия данде кколаро, жибго паспорт букIине ккола. Гьелъул хIакъалъулъ жеги мухIканал ва камилал баянал нижеца районалъул газеталдасаги телевидениялдасаги кьезе руго.

Цоги кIвар бугеб жо. Хъвай-хъвагIай гьабиги Личный кабинет рагьиги гIадада ккезе буго моцIида жанив цо нухалъниги чи гьениве ваккичIони. Мисалалъе, нилъер районалда 35II чияс хъвай-хъвагIай гьабун букIана, амма цIикIкIарасезул гьеб гIадада ккана, жанир раккичIолъиялъ.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна тIаде щолел маялъул байрамазде ва хасго Бергьенлъиялъул Къоялде лъикIаб хIадурлъи гьабизе ккезе букIиналда.

Данделъиялда баккун букIана магIарул мацIалда кIалъазе кколин абураб лъикIаб, даимго рехсолеб, амма кинго гIумруялде бахъунареб пикруги. МухIамад ПатхIулаевасги гьелъул рахъ ккуна.

Гьелда хасго тIадчIей гьабуна экологиялъул идараялъул нухмалъулев ва телеведущий АхIмадудин МухIамадовас (халкъалда жанив –Доренко).

ГIадамазул гIарзалги разилъи гьечIолъиги букIунила тIолалго данделъаби гIурус мацIалда рукIиналдаса, гьеб иш районалъул бетIерасдаса байбихьизе кколилан хъитIун чIана телеведущий.

ХIалуцун вачIана, киданиги лъидениги «ццин бахъунарев, хIеренав, хIалимав» районалъул хIаким.

- Дида берцинго магIарул мацIалъ кIалъазе кIоларо, гьудул, кидаго цого жал рицунев вукIинчIого, гIодов чIа, - йилан ахIдана гьев магIарул мацIалъе гIоло рухI кьезеги хIадурав АхIмадудиниде.

Гьеб параялъ дир ботIролъ паркъана дунялалдаго машгьурав шагIир Расул ХIамзатовасул гьал кочIол мухъал:

Метер магIарул мацI хвезе батани

Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.

Амма кьогIаб ритIухълъиялъе гIоло абизе ккола - живго шагIирасул лъималаздаги лъаларо магIарул мацI.

МацIалда хурхараб гьеб гьитIинкIабго «инцидент» рикIкIинчIони, данделъи ана цIакъ берцинго ва ишалъулаб ахIвал-хIалалда

Филиал МФЦ «Мои Документы» по Ботлихскому району доводит до жителей района следующую информацию, что Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан объявляет о начале конкурсов по отбору участников мероприятия по следующим направлениям:

I. Об объявлении конкурса по отбору участников мероприятия по развитию семейных животноводческих ферм.

II. Об объявлении конкурса по отбору участников мероприятий по поддержке начинающих фермеров

1. Конкурса по отбору участников мероприятия по развитию семейных животноводческих ферм.

В соответствии с Правилами предоставления и распределения субсидий из федерального бюджета бюджетам субъектов Российской Федерации на содействие достижению целевых показателей региональных программ развития агропромышленного комплекса, утвержденными постановлением Правительства РФ от 30 декабря 2016 г. № 1556 и Порядком предоставления грантов на развитие семейных животноводческих ферм, утвержденным постановлением Правительства РД от 15 мая 2012 г. №159, приказываю:

1. Объявить открытый конкурс по отбору участников мероприятия по развитию семейных животноводческих ферм.

2. Разместить извещение о проведении конкурса в средствах массовой информации и на официальном сайте Министерства сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан (http://www. mcxrd.ru).

3. Контроль за исполнением настоящего приказа оставляю за собой.

Гъодобери росуль тIобитIана оцбай

Гьеб ихдалил байрам тIобитIулеб майданалде радалго байбихьана халкъ бакIаризе. КъватIиса гIебеде, батIи-батIиял шагьаразда гIумру гьабун ругел росуцоялги, аскIор ругел районаздасагун росабалъа гIемераб халкъги бакIарана гьеб тадбиралъ.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна р а й а д м и н и с т р а ц и я л ъ у л вакилзаби депутатазул собраниялъул председатель М.-Н ГIумаровас ва районалъул бетIерасул заместитель Г1. ГIабдулдибировас.

ГIадаталда рекъон, байрам байбихьана мавлид ахIиялдаса.

Гьелдаса хадуб киналго ана тIоцебесеб рахъ бахъизе.

ГIадатлъун лъугьун буго лъимал гIемераз хьон хьалебги, адаб-хIурматалъе мустахIикъав кIудияв чияс тIоцебесеб рахъ бахъулебги. Гьелдаса хадуб бокьарасе пурцил гIоркь кквезеги ихтияр буго.

Гьаб нухалъги гъодоберисез гьеб гIадаталда рекъон гьабуна тIоцебесеб рахъ бахъи.

-Дун кутакалда воххарав вуго умумуздасаго бачIунеб гIадат-оцбай, нилъеца цIуниялдаса ва санайилго гьеб тIобитIизе рес щвеялдаса. Божарав вуго исанасеб сон нилъее киназего бачIин гьарзаяб ва тIабигIиял балагьаздаса цIунараблъун букIине батилилан,-ян абуна Гъодобери росдал администрациялъул бетIер ГIубайдула МухIамадовас гьеб тадбир рагьулаго.

Росуцоязда ва тIаде рачIарал гьалбадерида гьеб байрам райадминистрациялъул ва жиндирго рахъалдаса баркун кIалъана ГIабдулдибир ГIабдулдибировги.

- Ассаламу гIалайкум Гъодобери росдал хIурматияб жамагIат, гIисинал чIахIиял, тIаде щварал гьалбал!

ТIоцебесеб иргаялда дие бокьун буго районалъул администрациялъул, депутатазул собраниялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркизе нужеда жакъасеб роххалилаб ихдалил байрам-оцбай. Гьединго кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьаб берцинаб тадбир гIуцIарал росдал администрациялъе,депутатазе, районалъул имам, нилъер ракьцояв АхIмад МухIамадовасе, хас гьабун цIарал рехсечIониги, кумек квербакъи гьабурал киназегоги. Гьадинал тадбираз щула гьабула гIадамазда гьоркьоб вацлъи .

Аваразул цIар рагIарав шагIир Инхоса ГIалихIажиясул руго гьадинал рагIаби:

ЗахIмат бихьичIого рахIат бокьарас

БекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого хур.

Дида ккола шаг1ирас гьел раг1аби ургъунго гьал къоязде, ихдалил хIалтIаби байбихьулел-байрамкъоязде хъварал ратилин.

Лъик1го кIвар кьун пикру гьабуни, гьел рагIабазулъ буго бахчараб кIиго магIна.

Жакъа гьел рагIабазул хасго к1удияб кIвар буго нилъее. Щай абуни киса-кирго сверухъ рихьулел руго рехун тарал хурзал, хун унел ахал, ракъвалел гъутIби.

Нилъеца ракьулъе мугь рехани, гьеб тIирщула.

Гьабураб хIалтIул хIасил ккечого букIунаро. Гьелъул магIна буго ГIалихIажиясул рагIабазулъ.

Гъодобери росдал тарих буго бечедаб. ГIадамал руго захIмат бокьулел, ВатIаналъул патриотал. Гьединаллъун лъала росуцоял районалдаги, республикаялдаги, Дагъистан бахун къватIирехунги. ЦIунизин нилъерго росдал цIарги лъикIал гIадаталги.

Жакъа нилъеца гьаб ихдалил байрам кIодо гьаби гьеб ккола нилъерго умумузул гIадатал цIуни гуребги, нилъерго тарих лъайги.

Гьанжесеб заманалда нилъее чара гьечIеблъун ккола инсанасулги тIабигIаталъулги хурхен букIинаби, гьеб щула гьаби. Узухъда, гьадинал тадбираз гьелъие квербакъи гьабула.

Гьарула щивасе сахлъи, даимаб роххел, талихI аваданлъи, хIалтIулъ икъбал.

Разияб гIамал кьун роххаги, сабру кьеги, сахаватал чагIи гIемерлъаги, тIабигIиял ва балъгоял балагьаздаса цIунаги, хасго терроризмалдаса ва наркоманиялдаса.

Батаги нилъее гьаб сон бачIин гьарзаяблъун ва кинабго рахъалъан баракатаблъун. Районалъул имам АхIмад МухIамаевасги баркана киназдаго ихдалил байрам, гьарана исанасеб сон бачIин гьарзаяблъун, икъбал бугеблъун ва киналгIаги балагьаздаса цIунараблъунги батагиян.

Гьелдаса хадуб, росдал школалъул майданалда тIоритIана батIи-батIиял спортивиял къецал-рекери, канат цIай, халалъухъе кIанцIи, гамачI реххи, гиря борхи, ч1орбут1алъ гIужда речIчIи, эркенаб гугари, волейбол ва футбол хIай.

Бергьаразе росдал администрациялъ кьуна гIарцулал шапакъатал.

ЛъикIаб, гьава бакъ рекъараб гьеб къоялъ тадбирги тIобитIана гъодоберисез лъикIаб гIуIцIигун ва гIадлу-низамалда.

Ж. АХ1МАДУДИНОВА



«ТIАХЬАЗУЛ АНКЬ» ТIОБИТIАНА

24 марталдаса 29 марталде щвезегIан нилъер районалъул библиотекабазда тIобитIана “ТIахьазул анкь” абураб тадбир.

Гьеб байрам тIобитIиялъе «гIайибияблъун» ккола нилъер божараб гьудул-тIехь.

Гьедин, 24 марталда гIуцIараб къагIидаялда тIобитIана гьеб байрам районалъул Централизованнияб библиотекаялда цебе. Гьениб гIахьаллъи гьабуна т1ахьал цIализе бокьулез, цIалдолезул эбел-инсуца, тIаде ахIарал гьалбадерица.

Библиотекаялъул хIалтIухъабаз гIуцIун рукIана тIахьазул гIатIидаб выставкагун цIалдолез бихьизабизе бугеб маргьуялде данде кколел бокIонал.

Лъималазда тIад ретIун букIана жидецаго бихьизабизе бугеб маргьуялдаса персонажазул ретIел-хьит.

Г1исинал ва гьоркьохъел классазул цIалдохъабаз балагьаразул рекIее асар гьабуледухъ рихьизаруна маргьабаздаса цере рахъинал.

АНСАЛТIА

23 марталда АнсалтIа росулъги тIобитIана ТIахьазул анкьил хIурматалда рохалилаб данделъи.

Гьеб байрам тIобитIизесеб бакI букIана цIакъ берцинго къачIан. Къадазда чIван рукIана маргьабаздаса лъималаз рахъарал суратал.

Гьениб баркиялъулаб калъай гьабуна библиотекаялъул заведующая МухIамадова ШугIайнатица.

ЦIалдохъабаз рихьизаруна лъималазе рокьулел маргьабаздаса сценкаби, т1орит1ана викторинаби, хIаял.

ШОДРОДА

29 марталда Шодрода росдал библиотекаялъул берцинго къачIараб залалде ракIарун рукIана тIахьал цIалдолел. Гьелги рукIана маргьабазул героязул ратIлида.

«Журавлик» ясли-ахалъул лъималаз ва тарбиячIужу Рашидова Наидаца къабул гьаруна тIаде рачIарал гьалбалгун цIалдохъабазул эбел-эмен. Гьеб тадбиралде гьезухъе гьоболлъухъе рачIун рукIана Зилоса, Инхелоса, Хелекьуриса, Гъодобериса, Муниса библиотекабазул заведующиял.

Данделъаразда байрам баркана т1ахьазул Къиралалъ ва гьарана лъималазе гIемераб цIали ва тIахьазулгун гьудуллъи.

ТIахьазул Къиралалъ, Буратинода цадахъ, цIалдолезе кьуна загадкаби, тIоритIана викторинаби. БитIун жаваб кьуразе кьуна тIагIамал сайгъатал.

Гьединго, лъималаз цIалана кучIдул, рихьизаруна маргьабаздаса сценкаби ва «Нижер гьитIинал гьудулзабазе» абураб кьурди.

ТIубараб анкьалъ районалъул библиотекабазул хIалтIухъабаз къабул гьаруна жидерго бищунго лъикI ва гIемер тIахьал цIалдолел.

П. ЭЛЬДАРОВА

БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

Дагьал церегIан къояз редакциялде бачIана гьадинаб кагъат.

Дие бокьун буго нужер «Гьудуллъи»» газета гьоркьоб ккун ракI-ракIалъулаб баркала кьезе Кванхидалъ росулъа Иманшапиев МухIамадие ва гьезул хъизаналъе, росдал жамагIаталъе, АхIмад цIаларав Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазе.

ЗахIмат унтун дун ккана МахIачхъалаялъул кIиабилеб шагьаралъулаб больницаялде. Дида гьенив ватана, дир ракьцояв Иманшапиев МухIамадил вас АхIмад. Унтуца хвалде ван вукIарав дун гьес сахлъизавуна. Гьесул меседил квераз операция гьабурав дун лъабабилеб къоялъ тIаде вахъана. КъотIун нахъе рехараб гIадин унтиги тIагIана.

Цо-цо врачазул гIадин, гIадан гIодовегIан гьавулеб чIухIиги гьечIоан гьесулъ. Гьев вуго магIарул намусги, иманги, яхIги, хIеренлъиги, хIалимлъиги, сабруги, гьурмада гьимиги бессарав, дир гIадин нус-нус чиясул сахлъиги цIунарав магIарулав. Больницаялда жаниб гьесул бугеб къадруги, къиматги бихьани гьеб ккола нилъер роххел, гьитIинабго росдал чIухIи. НуцIа рагьун жанив

АхIмад вачIиндал даруго гьечIого сахлъила инсан. МухIамадги АхIмадги лъаларев чи, дие Гъодобери ватичIо.

Нижер росдал жамагIаталъ, учительзабаз, росдал гIолохъабаз кIудияб баркала кьолеб буго МухIамадие гьединав вас гIезавуралъухъ.

Нус-нус васал гIеги нужер росулъ, АхIмадил гIадинаб гIаданлъи бугел.

МахIачхъалаялъул кIиабилеб шагьаралъулаб больницаялъул нейрохирург Иманшапиев АхIмадие баркала кьун гIемер кагътал рачIуна нижер редакциялде. МустахIикъав тохтурасул цIар унтарасул мацIалда букIунин абула. Гьединазул цояв нилъер ракьцояв вати кIудияб рохелги, чIухIиги буго районалъего.

ТIАБИГIАТ ЦIУНИ-ТIАДАБ НАЛЪИ

«Забота о чистой воде-забота о будущем» абураб школазул цIалдохъабазда гьоркьоб республикаялъулаб конкурс тIобитIана марталъул ахиралда МахIачхъалаялда цIалдохъабазул республикаялъулаб эколого-биологическияб централда. Гьеб хурхинабун букIана Халкъазда гьоркьосеб лъел къоялда.

Гьеб тадбиралъул аслияб масъала букIана лъел объектал чорок гьарулел рукIиналде гIун бачIунеб гIелалъул кIвар буссинаби ва кинабго тIабигIат цIуниялде гьел ахIи.



Гьеб конкурсалда мустахIикъаб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул ГIанди №1 ва №2 гьоркьохъел школазул цIалдохъабазги.

«Экологический вестник» номинациялда лъабабилеб бакI ккуна гIандадерил №1 школалъул цIалдохъан АхIмад Хизриевас ва «видеофильм» номинациялда гьебго росдал №2 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат Хасаймирзаева мустахIикълъана кIиабилеб бакIалъе.

Нижер мухбир

МИТИНГ ТIОБИТIАНА

Араб анкьалъ Болъихъ №3 школалъул азбаралда «Вместе против террора» абураб ах1иялда гъоркь Петербургалда гьабураб террактaлъул къурбанал ракIалде щвеялъе тIобитIана митинг.

Митингалда гIахьаллъи гьабуна 200 гIанасев чияс-администрациялъул, культураялъул, спорталъул, динияб идараялъул вакилзабаз, цIалдохъабаз ва росдал гIадамаз.

ГIемерисезда кодор рукIана «Питер, мы с тобой!», «Мы против террора!», «За будущее без террора!», «Мы едины», «Ботлих против терроризма и экстремизма» абурал игIланал.

Митинг рагьана Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул директор ПатIимат Шамхаловалъ.

КIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе.

-Нилъер районалъул гIадамазда терроризм щиб жояли рагIун гуреб бихьунги лъала. 1999 соналъ Россиялъул армиягун цадахъ лъугьун щущахъ риххизаруна нилъеца халкъазда гьоркьосел хъачагъал. Терроризмалъ жакъа рагъ лъазабун буго Россиягун, нилъер щивавгун. Амма Россиялъул халкъ кидаго букIана гъункараб.

Терроризмалъул гьечIо миллат, дин.

Иргадулаб нухалъги гьез жидерго вахIшияб пиша хIалтIизабуна Санкт-петербургалда. Гьелъул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъана 14 чи ва 50 чиясул сахлъиялъе ккана зарал.

Гьединал ишал ритIухъ гьаруларо цониги диналъ, хасго исламалъ. Ислам буго рекъелалъул, лъикIлъиялъул дин. Кинаб бугониги экстремизмалъул яги такъсирлъиялъул рахъалги гьелъ къабул гьаруларо.

Жакъа къоялда жаниб экстремизм буго бищун кIудияб балагь инсанияталъе гьалаглъи босун бачIунеб. Нилъер налъи буго гьелде данде къеркьей. Нилъ руго бахIарчиял умумузул наслаби, нилъеда гьеб кIочон тезеги бегьуларо,-ян абуна гьес.

Гьединго кIалъазе рахъана общественнияб палатаялъул председатель МухIамад Иманшапиев, афгъаназул ветераназул советалъул председатель ШамильхIажи ЛатIипов, Болъихъ дагIваталъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Расулов, Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъан Рамазан МухIамадов.

КIалъазе рахъараз щивас бицунеб букIана терроризмалдаса, бугеб заралалъул.

Гьеб балагьаб унтуде данде цадахъ лъугьун рагъ базе ккеялъул.

Ахиралда Санкт-Петербургалда ккараб лъугьа-бахьин минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун ракIалде щвезабуна.

З. МУХIАМАДОВА

Гьитiинав художниналъул хIанъалъулъ рагIи

Щодрода росулъа ХIайбулаев Камалудинги, жиндирго гIелбащадалго гIадин,хьвадула школалде, эркенаб заманалда уна футбол хIазе, рокьула компьютералда гьарулел хIаял. Амма Камалудинил буго хасаб цо гьунар-гьесие Аллагьас кьун буго сурат бахъизе махщел.

ТIоцебе сурат Камалудиница бахъана жиндир гIумрудул 12 сон тIубараб механъ. Гьесул аскIосеб гIагарлъицин тамашалъизабураб ишлъун лъугьана гьеб. Сурат бахъизе гьесул бугеб гьунар бихьун-роххелги букIана кIудияб. Жиндир гIумрудул 13 сон тIубараб механъ Камалудиница жиндирго суратал халкъалда рихьизе цере рахъана-гIуцIана тоцебесеб выставка. ГIадамаз лъикIаб къиматги кьуна гьесул хIалтIабазе.

ГьанжелъизегIан 50-ялдаса цIикIкIун сурат бахъана Камалудиница. ГIемерисел суратал гьес сайгъат гьаруна гIагарлъиялъе, гьудул-гьалмагъзабазе,классцадахъазе.

-Дие кутакалда бокьула тIабигIат: гъутIбузул гIаркьалабалъ багъулеб гьури, магIардаса чвахун бачIунеб лъел чвал-чвали, ихдалилаб тIабигIаталъул цIилъи, гьелъул гьуинал махIал, хIанчIазул чIичIиди,-ян абулеб буго Камалудиница.

Гьелъги батила, гIемерисел гьесул суратал руго тIабигIаталда хурхарал.

-Х1акъикъаталдаги, сурат бахъизе гьев васасул буго кутакалда бергьараб гьунар. Кьер-кьераб тIабигIат бугеб хIалалъ кагътиде босизе гьесул бугеб махщелалъги, сурат бахъиялъулъ техническиял рахъазул бугеб бичIчIиялъги хIайран гьарулел руго,-ян абулеб буго Камалудинил учитель Салман ХIасбулаевасги.

Гьарула Камалудиние икъбалги, махщел цIубайги, машгьурав художниклъун вахъаниги, жиндирго гIадатлъигун гIаданлъи цIуниги.

Ж. АХIМАДУДИНОВА

ИНФОРМАЦИЯ

о независимой системе оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы Республики Дагестан

В соответствии с Федеральным законом от 21 июля 2014 года № 256-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам проведения независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» и постановления Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года № 239 «О независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» Министерством труда и социального развития Республики Дагестан, Министерством образования и науки Республики Дагестан, Министерством культуры Республики Дагестан, Министерством здравоохранения Республики Дагестан проведена работа по формированию независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Главам администраций муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан также рекомендовано провести работу по формированию независимой системы оценки качества работы муниципальных учреждений, оказывающих социальные услуги.

В целях повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению в сфере социального обслуживания, а также повышения открытости и доступности информации о деятельности Министерств и организаций, оказывающих социальные услуги, обеспечения взаимодействия с общественными организациями, иными некоммерческими организациями, экспертами по вопросам повышения качества работы организаций, профилактике причин, порождающих коррупцию, и противодействие условиям, способствующим ее возникновению и (или) распространению приказами Министерств созданы Общественные советы по вопросам формирования независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Для повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению проводятся заседания Общественного совета по вопросу формирования независимой системы оценки качества работы учреждений, оказывающих услуги, на которых определены цели и основные задачи.

Также в целях определения критериев эффективности работы организаций, оказывающих услуги, которые характеризуют открытость и доступность информации об организации, оказывающей услуги, комфортность условий и доступность получения услуг, доброжелательность, вежливость и компетентность работников организации, оказывающей услуги, членам Общественного совета предоставлены для изучения перечень подведомственных Министерствам учреждений, нормативные правовые акты, уставы бюджетных и казенных учреждений. Кроме того, утверждены Планы мероприятий по определению качества и эффективности работы организаций, оказывающих услуги. Созданы комиссии по независимой оценке качества учреждений, оказывающих услуги. Также определены критерии независимой системы оценки качества работы учреждений, подготовлены ряд предложений по повышению качества предоставления социальных услуг, а также подготовлены опросные листы, для изучения общественного мнения.

Для обеспечения открытости и доступности информации о деятельности подведомственных Министерству труда и социального развития Республики Дагестан государственных учреждений для граждан-получателей услуг обеспечено размещение на Официальном сайте в сети «Интернет» (www.bus.gov.ru) информации, установленной приказом Минфина России от 21 июля 2011 года № 86н. На Едином портале государственных (муниципальных) услуг размещена информация о государственных услугах, предоставляемых подведомственными Минтруда РД учреждениями социального обслуживания населения (www.gosuslugi.ru).

На официальном сайте Минтруда РД (www.dagmintrud.ru) размещены Перечень показателей оценки качества работы организаций социального обслуживания населения, рекомендуемых для использования при проведении независимой оценки качества работы и Перечень информации и документов, рекомендуемых к размещению организациями социального обслуживания на информационных стендах, в средствах массовой информации, сети «Интернет». Также на указанном сайте размещен Примерный образец анкеты по анализу удовлетворенности качеством оказания социальных услуг в организациях социального обслуживания.

Общественным советом при Минтруда РД осуществляется мониторинг общественного мнения по вопросу качества социальных услуг, оказываемых подведомственными учреждениями социального обслуживания населения, результаты которого обрабатываются, и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга учреждений социального обслуживания населения.

В целях изучения и мониторинга общественного мнения по вопросу качества социальных услуг подготовлены и размещены на официальных сайтах организаций опросные листы (анкеты). Кроме того, уполномоченными органами в сфере социального обслуживания населения, культуры, здравоохранения и образования размещена информация о результатах независимой оценки качества оказания услуг организациями за 2016 год на официальном сайте в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» www.bus.gov.ru., а также утверждены и размещены на своих официальных сайтах Перечни организаций, **в отношении которых 2017 году** будет проведена независимая оценка качества оказания социальных услуг, предусматривающая оценку условий оказания услуг по критериям, которые характеризуют открытость и доступность информации об организации, оказывающей социальные услуги; комфортность условий и доступность получения услуг, в том числе для граждан с ограниченными возможностями здоровья; время ожидания в очереди при получении услуги; доброжелательность, вежливость и компетентность работников организации, оказывающей социальные услуги; доля получателей услуг, удовлетворенных качеством обслуживания в организации.

Кроме того сообщаем, что в целях соблюдения единых методологических подходов и требований, установленных законодательством Российской Федерации, при проведении независимой оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы Минтрудом РД представлен на утверждение в Правительство Республики Дагестан План работ по повышению качества оказания услуг организациями, оказывающими социальные услуги в сфере социального обслуживания, охраны здоровья, культуры и образования Республики Дагестан по результатам проведенной независимой оценки качества в 2016 году.

По результатам независимой оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы, ведомственными нормативными актами утверждены планы по совершенствованию деятельности организаций в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования, предусматривающие мероприятия, как по поощрению, так и к привлечению к дисциплинарной ответственности руководства организаций, занимающих высшие и низшие места в рейтингах.

ТУБЕРКУЛЕЗ У ДЕТЕЙ И ПОДРОСТКОВ

Туберкулез - инфекционное заболевание, вызываемое микобактериями туберкулеза, поражающими в большей мере органы дыхания, а также все другие органы и системы организма.

Источником инфекции являются больные туберкулезом люди. Наиболее распространенным при туберкулезе является воздушный путь заражения, когда факторами передачи служат носоглоточная слизь, мокрота и пыль, содержащие возбудителей инфекции.

Размножение бактерий туберкулеза в организме ребенка ведет к значительным функциональным расстройствам с явлениями интоксикации: появляется раздражительность или, наоборот, заторможенность, быстрая утомляемость, головная боль, потливость. Температура тела повышается до 37.2 - 37.3о, нарушаются сон и аппетит. При длительном течении болезни ребенок худеет, кожа становится бледной, отмечается склонность к воспалительным заболеваниям. Для детей типична реакция со стороны лимфатических узлов: они увеличиваются в размерах, становятся плотными. При отсутствии лечения возможен переход болезни в более тяжелые формы.

Для диагностики туберкулезной интоксикации важное значение имеет определение инфицированности с помощью **туберкулиновых проб (проба Манту)**, а для детей с 15 лет - ещё и с помощью **флюорографии.**

Для профилактики туберкулеза очень важно: вести здоровый образ жизни, строго соблюдать санитарно - гигиенические правила: мыть руки перед едой, не употреблять в пищу немытые овощи и фрукты, а также молочные продукты, не прошедшие санитарный контроль, полноценно питаться, заниматься спортом, обращать внимание на изменения в состоянии здоровья.

Важным моментом для раннего выявления инфицирования возбудителем туберкулеза у детей и подростков является ежегодная постановка пробы Манту, которая дает положительный результат при проникновении патогенных бактерий в организм ребенка.

Проба Манту – это не прививка и не защищает от туберкулеза, это метод ранней диагностики туберкулеза, рекомендованный Всемирной организацией здравоохранения.

На основании Санитарно-эпидемиологических правил СП 3.12.3114-13 «Профилактика туберкулеза» в течение 6 дней с момента постановки Манту направляются на консультацию в противотуберкулезный диспансер по месту жительства следующие категории детей:

- с впервые выявленной положительной реакцией (папула 5 мм и более), не связанной с предыдущей иммунизацией против туберкулеза;
- с длительно сохраняющейся (4 года) реакцией (с инфильтратом 12 мм и более);
- с нарастанием чувствительности к туберкулину у туберкулиноположительных детей – увеличение инфильтрата на 6 мм и более;
- с гиперреакцией на туберкулин – инфильтрат 17 мм и более;
- при везикуло-некротической реакции и лимфангите.
-

Уважаемые родители, обратите внимание!

В соответствии с требованиями Санитарно-эпидемиологических правил СП 3.12.3114-13 «Профилактика туберкулеза» дети, направленные на консультацию в противотуберкулезный диспансер, родители или законные представители которых не представили в течение 1 месяца с момента постановки пробы Манту заключение фтизиатра об отсутствии заболевания туберкулезом, не допускаются в детские организации.

Дети, туберкулинодиагностика которым не проводилась,допускаются в детскую организацию при наличии заключения врача-фтизиатра об отсутствии заболевания.

Информация о состоянии заболеваемости туберкулезом в Ботлихском районе за 2014-2016 год и 1 квартал 2017года:

За последние 3 года отмечается рост показателя заболеваемости туберкулезом в Ботлихском районе в 2016г. ИП 28,37 (16сл.), в сравнении с 2015г. ИП 26,60 (15сл.) и снижение в сравнении с 2014г. ИП 30,49 (17сл.),за 1 квартал 2017года зарегистрировано-2 случая, проживают за пределы района. (Рис. №1.)



Рис. №1. Динамика заболеваемости активным туберкулезом по Ботлихскому району за 2014-2016гг. в сравнении с показателями РД (показатель на 100 тыс. населения)

В 2014-2016г. среди детей до 14 лет нет регистрации случаев впервые выявленного активного туберкулеза.

Таблица №2

Возрастной состав заболевших туберкулезом детей в Ботлихском районе за 2014-2016гг. в показателях на 100 тыс. нас.

Годы	дети до 17 лет		дети до 14 лет		В том числе:						из них у жителей сельских поселений	
					до года		1-2 года		3-6 лет		дети до 17 лет	
	абс	ИП	абс	ИП	абс	ИП	абс	ИП	абс	ИП	абс	ИП
2014	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
2015	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
2016	3	16,33	-	-	-	-	-	-	-	-	3	16,33

Показатели охвата флюорографическим обследованием населения Ботлихского района за 2014-2016гг.

В 2016г. охвачено профилактическими прививками против

Года	2014г.	2015г.	2016г.
ИП	93,0%	96,4%	97%

туберкулеза: охват вакцинацией новорожденных 99,4% (в 2015г. – 95,7%; 2014г. – 100%), охват ревакцинацией в возрасте 7 лет составил 100% (в 2015г. – 99,8%; 2014г. – 100%), в возрасте 14 лет - 100% (в 2015г. – 100%; 2014г. – 100%).,привито за 1 квартал 2017года всего-15,5%, из них новорожденных-21,8%.

Проведенное эпид.расследование зарегистрированных случаев туберкулеза показывает, что факторами заражения служат: неудовлетворительные сан.бытовые условия работы и проживания, в некоторых случаях вероятными источниками заражения являются – больные, пути передачи – воздушно-капельный и контактный. Предположительным обстоятельством заражения могло послужить нарушение санитарных и противоэпидемических правил.

ЧЕМПИОНАСУЛГУН ДАНДЧIВАЙ

Дагьал церегIан къоязда райадминистрациялъул данделъабазул залалда рохалилаб дандчIвай гьабуна WSOF 35 лигаялъул чемпион МигIарсо росулъа Бекбулат МухIамадовасулгун.

Гьенире ракIарун рукIана райадминистрациялъул, районалъул учреждениязулгун организациязул хIалтIухъаби, школазул цIалдохъаби, Бекбулатил гIага-божарал, росуцоял, гьалмагъзаби ва гьалбал.

Данделъи рагьана школа-интернаталъул директорасул заместитель Абакар ИзмагIиловас ва тIоцебе кIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе.

- ЛъикI щварал хIурматиял гьалбал, районцоял!

Жакъа нилъ ракIарун руго нилъер ракьцояв №SOF лигаялъул чемпион Бекбулат МухIамадовасулгун дандчIвай гьабизе-,ян абуна районалъул бетIерас.-

Ахирал соназ нилъер районалда кIудияб хIалтIи гьабулеб буго спорт цебетIезабиялъе ва гьелъ жиндирго хIасилалги кьолел руго.

КIудияб рохел букIуна районалъего ракьцояз спорталъулъ росулел бергьенлъабаздаса.

Бекбулатица кибго рагIинабуна районалъулги Дагъистаналъулги цIар. Гьесул бергьенлъиялъ гIун рачIунел гIелазул гъирашавкъ цIикIкIинабизе буго спорталдехун ва бергьенлъабаздехун. Гьев лъугьине вуго гIолилазе унго-унгояв мисаллъун. Бекбулатица жиндирго цIар хъвана спорталъул тарихалда жаниб.

Баркула гьесда гьеб бергьенлъи, гьединго баркула къецазе гьев хIадурарав тренерасдаги, гьев гIезе гьавурал ва тарбия кьурал эбелинсудаги.

- Нижедаса хIажатаб квербакъи нижерги букIина,-янги абулаго, районалъул бетIерас чемпионасе кьуна гIарцулаб сайгъат.

Баркиялъул каламгун кIалъазе вахъана МигIарсо росдал бетIер Руслан МуртазагIалиев.

-Бекбулатил гьитIинго букIана спорталде рокьи- ян абуна Русланица.- Жинцаго цебе лъураб мурадалде нахъе къачIого, захIмалъабазе къуркьичIого инеги ана. РакI-ракIалъ баркула гьесда гьеб бергьенлъи. Гьесдаго цадахъ гьеб бергьенлъи баркизе бокьун буго гьесул тренер МухIамад МухIамадовасдаги.Гьесул малъа-хъваязги, хIалтIуцаги гIагар гьавуна Бекбулат анищ тIубаялде.

Гьединго, Бекбулатида бергьенлъи баркун кIалъазе рахъана КЦСОНалъул нухмалъулев МухIамадрасул ГIусманов, Болъихъ росдал администрациялъул бетIер Камалудин МухIамаев, МигIарсо росдал гьоркьохъеб школалъул завуч Абакар Шарипов.

Чемпион кIодо гьавиялъухъ баркала загьир гьабуна захIматалъул ветеран Абакар Жамалудиновас.

Ахиралда кIалъазе вахъана Москваялъул «Спарта» школалъул тренер Бекбулатил вац МухIамад МухIамадов.

-Бекбулатил бергьенлъи гьеб кколаро гIицIго икъбалалъул иш, гьеб ккола щибаб къойилаб тIадчIараб хIалтIи, ургуялда тIураб гIетI, сабру, жавабчилъи..

Бергьенлъи босиялъе квербакъи гьабула ракьцоязул божилъиялъги. Жакъа нижедехун гьабураб бербалагьиялъги гъира цIикIкIине гьабулеб буго жеги бергьенлъаби росиялде,-ян абуна гьес.

Рехсараб тадбиралъе чIаголъи кьуна «Болъихъ» ансамблялъул церерахъиналъги.

З.МУХIАМАДОВА

ЭРКЕНАБ ГУГАРИЯЛЪУЛ ТУРНИР

8 апрелалда Болъихъ спортивияб комплексалда тIоритIана 2003-2004 соналъ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ къецал.

Тадбир гIуцIана лъималазул спортивияб школалъул администрациялъ.

Первенство тIобитIиялъул жавабияв-СМРялъул директорасул заместитель Н.ГъазимухIамадов, аслияв судья-тренер преподаватель Р. Бартиев, аслияв секретарь-АнсалтIаДЮСШялъул директор Л. Лабазанов.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна микьго цIайиялъул категориялда-Болъихъ, АнсалтIа, ГIанди, Кьохъ ДЮСШялъул командабаздаса 68 речIчIухъанас.

Жидерго цIайиязул бергьана:

ГъазимухIамадов Сайпула 35 кг.-АнсалтIа,ГIубайдулаев АхIмаднаби 38 кг.-АнсалтIа,Къебедибиров Марат 42 кг.-Болъихъ, Ибрагьимов Лабазан 46 кг-Муни, МухIамадов НурмухIамад 50 кг.-АнсалтIа, ГIалиев ХIусен 54 кг.-Болъихъ, Муслимов ГIабдула 58 кг.-Болъихъ, АхIмадов Адам 63 кг-Болъихъ.

Бергьенлъи босараз гIахьаллъи гьабизе буго Хьаргаби районалда гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ тIобитIизесеб Дагъистан Республикаялъул зоналияб первенствоялда.

Л.ЛАБАЗАНОВ.

НИЛЪЕР ВОЛЕЙБОЛИСТАЗ ЧIЕЛ БОСАНА

30-31 марталъ МахIачхъала шагьаралда ДГПУялъул спорталъул КIалгIаялда тIобитIана школазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьеб гIуцIана Дагъистан Республикаялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ.

Къецазда гIахьаллъи гьабуна ичIго тIаса бищараб командаялъ.

Махщалилаб хIайги бихьизабун къецазда тIоцебесеб бакI ккуна нилъер районалъул командаялъ. Тренер- МутIалипов ГIабдулатIип.

Нилъер волейболистал мустахIикълъана грамотабазе, медалазе ва дипломалъегун кубокалъе.

К СВЕДЕНИЮ ПРЕДПРИНИМАТЕЛЕЙ

В прокуратуре района каждый первый вторник каждого месяца проводится прием предпринимателей.

БетIерав редактор ГI. ГI. ГIумаханов